

**Kesyon Moun Poze Souvan sou
Fair Fares NYC (Pri Tikè Ekitab nan Vil New York)
epi Access-A-Ride (Aksè Ak Transpò)
(Haitian Creole)**

- 1. Mwen se yon kliyan MTA (Otorite Metwopoliten Transpò) Access-A-Ride (AAR) Kijan mwen ka enskri nan Fair Fares NYC (FFNYC) epi jwenn rabè sou vwayaj AAR yo?**

Ale sou www.nyc.gov/fairfares pou w konn si w kalifye pou FFNYC. Si w kalifye, ou ka aplike pou FFNYC lè w bay nimewo identifikasyon AAR ou an. Si MTA a konfime idantifikasyon AAR ou an epi si w apwouve, w ap gen yon rediksyon 50% sou chak vwayaj.

- 2. Mwen se yon kliyan AAR epi mwen deja enskri nan FFNYC. Kijan m ka anrejistre pou m ka kòmanse itilize rabè FFNYC la sou AAR?**

Konekte sou kont ou an nan www.nyc.gov/accessfairfares epi klike sou "Update Access-A-Ride Information" (Mete Enfòmasyon sou Access-A-Ride ou ajou). Suiv enstriksyon yo ki sou ekran an pou aplike pou rabè FFNYC ou a an AAR.

Mwayen transpò Access-a-Ride yo pa pral aksepte kat Fair Fares NYC MetroCard ou a. Ou dwe mete enfòmasyon ou ajou pou w ka resevwa rabè a..

- 3. Kilè mwen pral kòmanse jwenn rabè FFNYC mwen sou vwayaj AAR yo?**

Ou pral kòmanse jwenn rabè FFNYC an sou vwayaj AAR aprè FFNYC fin apwouve w epi MTA a konfime enfòmasyon AAR ou.

Ou kapab konekte sou kont ou an nan www.nyc.gov/accessfairfares pou verifye estati rabè AAR ou a. Rabè AAR ou a pral kòmansè jouk yon semèn aprè enskripsyon an.

- 4. Kijan pou mwen itilize rabè FFNYC mwen an sou AAR?**

Yon fwa yo ajoute rabè FFNYC ou a sou kont AAR ou an, rabè a pral aplike otomatikman. AAR pral fè w peye mwaye pri.

- 5. Kisa k ap rive ak rabè FFNYC mwen gen pou tren ak bis yo?**

Yon fwa rabè FFNYC ou a aplike sou AAR ou an, rabè FFNYC ou a pou tren ak bis yo ap fini. Ou ka itilize rabè a nan kad pwogram Pri Redui MTA (MTA Reduced-Fare) a sou tren ak bis yo.

- 6. Èske FF NYC ap ban m yon kat OMNY pou peye pou vwayaj nan transpò adapte yo?**

Non. AAR ap ba w yon kat OMNY si w enskri nan pwogram AAR lan.

(Vire Paj la)

7. Kisa k ap pase si enskripsyon FFNYC mwen fini?

FFNYC ap voye yon avi ba w si enskripsyonw lan fini. Avi a ap fè w konnen rezon an ak dat enskripsyon w lan ap fini. Lè enskripsyon lan fini, se ou ki pral peye pou tout frè yo lè w ap itilize AAR. Ou ka aplike ankò pou FFNYC si sitiyasyon w chanje epi w vin kalifye ankò.

8. Kisa k ap pase si enskripsyon nan AAR mwen fini?

Si enskripsyon nan AAR ou fini, tanpri fè nou konnen lè ou konekte sou kont ou nan www.nyc.gov/accessfairfares epi klike sou "Update Access-A-Ride Information" (Mete Enfòmasyon sou Access-A-Ride ou ajou).

Ou kapab mande yon rabè pou tren ak bis si w pa gen okenn lòt rabè pou transpò komen. Si ou kalifye pou pwogram Pri Redui MTA a, ou dwe enskri ladan pou w jwenn rabè sou tren ak bis yo.

9. Kote m ka ale pou m jwenn plis enfòmasyon sou FFNYC?

Tanpri rele **311** si w gen nenpòt kesyon konsènan FFNYC. Ou kapab vizite tou www.nyc.gov/fairfares pou plis enfòmasyon.

10. Kisa pou m fè si m bezwen èd pou aplike pou FFNYC paske m gen yon andikap?

Tanpri rele **311** si w bezwen èd pou ranpli aplikasyon FFNYC ou oswa pou soumèt dokiman w yo akòz yon andikap.

**Tanpri, rele 311 si ou gen nenpòt kesyon konsènan pwogram Fair Fares NYC a.
Ou kapab vizite tou nyc.gov/fairfares pou plis enfòmasyon.
konsènan pwogram Fair Fares NYC a.**